



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA BUFFALO BROWN ANONSE LÒT MANM YO
NONMEN POU SÈVI NAN KOMISYON KOMEMORASYON 14 ME A**

Yo te nonmen senk manm kominote a pou konplete komisyon 11 manm lan

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Buffalo Byron W. Brown te anonse jodi a nominasyon lòt manm nan Komisyon Komemorasyon 14 me a. Gouvènè Hochul ak Majistra Byron W. Brown te [kreve](#) komisyon an nan mwa oktòb 2022 pou reponn ak fiziyad masif nan yon Tops Friendly Market nan Jefferson Avenue. Yo te nonmen anvan sa Reveran Mark E. Blue, ki se Prezidan NAACP nan Buffalo, pou sèvi kòm Prezidan Komisyon an ansanm ak nominasyon inisyal senk manm kominote a pou sèvi nan komisyon an

Komisyon Komemorasyon 14 me a gen ladan onz (11) manm, senk (5) ke Gouvènè a nonmen, senk (5) ke Majistra Vil Buffalo Byron Brown nonmen ak youn (1) ke yo tou de nonmen.

Yo fèk nonmen manm kominote ki anba yo, sa ki konplete komisyon 11 manm lan:

- Julia Bottoms, Atis Vizyèl, Buffalo AKG Art Museum
- Fragrance Harris Stanfield, Manadjè Asistan pou Sèvis Kliyan, Tops Friendly Markets
- Zeneta Everhart, Direktè Divèsite ak Enklizyon pou Eta New York Senatè Tim Kennedy
- Steven A. Carmina, Prezidan, Carmina Wood Morris
- Tiffany Gaines, Asosye Konsèvasyon ak Kontni Dijital, Burchfield Penney Art Center

Yo rejwenn Diane Colgan, Vis Prezidan Prensipal, Tops Friendly Markets; Jonathan Dandes, Manm Konsèy, Buffalo Niagara Partnership; Doktè Arthur Norman Lewin, Moun yo Nonmen, Komisyon Atistik Buffalo; Larry Stitts, Pwopriyetè, Golden Cup Coffee; ak Garnell Whitfield, Ansyen Komisè Ensandi, Depatman Ensandi Buffalo ke yo te nonmen ane pase.

"Nou p ap janm bliye dis vwazen nou nan Buffalo ke yo te retire nan men nou san rezon atravè yon zak laterè, rasis epi nou angaje pou nou kontinye sipòte Lès Buffalo amezi

kominote a ap geri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan pou manm yo nan Komisyon Komemorasyon 14 me a ki te devwe lavi yo pou kreye yon memoryal pèmanan ki pral onore lavi ak eritaj sila yo ki te pèdi lavi yo, pandan l ap demontre fòs ak rezistans kominote sa a".

Majistra Buffalo a Brown, te deklare, "Pandan vil nou an ap kontinye geri apre fiziyad masif nan Tops la, nou rete angaje pou nou komemore lavi yo te retire nan men nou yon fason trajik. Lòt manm sa yo ke yo nonmen nan Komisyon Komemorasyon 14 me a pote yon bann kalite ekspètiz ki pral gen anpil valè amezi n ap travay pou nou rann yon bon omaj. Mwen bat bravo pou chak manm nan komisyon an pou volonte yo pou yo sèvi kominote nou an epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou asire siksè pwojè enpòtan sa a".

Prezidan Buffalo NAACP ak Prezidan Komisyon 14 Me a, Reveran Mark E. Blue, te deklare, "Mwen onore pou m akeyi moun ki devwe sa yo nan Komisyon Komemorasyon 14 me a pandan n ap kontinye travay pou inite kominote nou an atravè souvni. Espwa mwen pou komisyon sa a se pou asire memoryal yo mete sou pye a sèvi kòm yon omaj pou lavi inosan yo ki te pèdi ak yon fa pou sila yo k ap geri anba gwo chagren".

Komisyon an pral devlope ak egzekite yon plan pou anplasman ak konstriksyon yon memoryal fizik nan Lès Buffalo pou komemore lavi ak eritaj dis rezidan Nwa yo nan Buffalo ki te mouri nan atak laterè sipremasis blan an nan kòmansman ane sa a. Manm yo pral asiyen nan yon sou-komite ki pral rankontre apa epi tounen fè rapò bay tout kò a.

Komisyon an pral konsantre sou sijè sa yo:

- Sit ak Akizisyon Tè
- Plan Angajman Kominotè ak Familyal
- Seleksyon Achitèk ak Konsèp Konsepsyon
- Antretyen Memoryal ak Anbelisman Zòn

Eta New York ak Vil Buffalo te anonse anvan sa entansyon yo pou yo pran angajman finansye espesifik nan pwojè a alavni, avèk kantite lajan yo pral detèmine dapre dimansyon ak echèl pwojè Komisyon an rekòmande epi dekonsè ak patnè lejislatif Eta yo.

Aprè atak laterè sipremasis blan 14 me 2022 a nan Tops Friendly Markets, Gouvènè Hochul te [anonse](#) 50 milyon dola nan envestisman sible kòm yon pati nan efò kontinyèl eta a pou reponn a bezwen imedyà kominote a. Eta New York pral kontinye kowòdone avèk vil, konte, patnè filantwopik ak biznis, ak lidè lokal yo pou reponn a bezwen alontèm nan kominote a.

Sila yo ki pèdi lavi yo nan fiziyad masif 14 me a se Pearl Young, Ruth Whitfield, Margus D. Morrison, Andre Mackniel, Aaron Salter Jr., Geraldine Talley, Katherine Massey, Roberta A. Drury, Heyward Patterson, ak Celestine Chaney.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)